**दिन–गुरूवार** **दिनांक–29.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

वित्त मंत्री निर्मला सीतारमन आइ लोकसभा मे आर्थिक सर्वेक्षण दू हजार पच्चीस–छब्बीस प्रस्तुत कयलनि। सर्वेक्षण मे देशक सकल घरेलू उत्पाद वृद्धि दर– सात दशमलव चारि प्रतिशत रहबाक अनुमान अछि। ओतहि, वित्त वर्ष दू हजार छब्बीस सत्ताईस मे वृद्धि दर–छओ दशमलव आठ सँ सात दशमलव दू प्रतिशतक मध्य रहबाक अनुमान अछि। सर्वेक्षण मे एआई के लेल एकटा अलग चैपटर राखल गेल अछि। मुख्य आर्थिक सलाहकारक मार्गदर्शन मे वित्त मंत्रालय के आर्थिक कार्य विभाग एकरा तैयार कयलक अछि। एकर बाद सदन के कार्यवाही भरि दिनक लेल स्थगित कऽ देल गेल। रैब दिन एक फरवरी कँ केन्द्रीय बजट दू हजार छब्बीस –सत्ताईस प्रस्तुत कयल जायत। बजट सत्रक पहिल चरण तेरह फरवरी धरि चलत।

———————————————————

बिहार विधानमंडलक बजट सत्र दू फरवरी सँ शुरू भऽ रहल अछि। वित्त मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव तीन फरवरी कँ राज्यक बजट प्रस्तुत करताह। एम्हर, विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह, सत्र कँ सुचारू संचालन आओर आनो मुद्दा सभ पर चर्चाक लेल आइ सर्वदलीय बैठक बजौलनि अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक मध्य समस्तीपुर जिला मे आठ सय सत्ताईस करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय अट्ठासी विकास परियोजना सभक उद्घाटन, शिलान्यास आओर कार्यारंभ कयलनि। श्री कुमार जन संवाद कार्यक्रम कैँ संबोधित करैत कहलनि जे विकसित बिहारक लक्ष्य कैँ प्राप्त करबाक लेल सभ क्षेत्र मे कार्य कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे सात निश्चिय तीन के तहत शामिल सभ बिन्दू पर तेजी सँ काज भऽ रहल अछि। मुख्यमंत्री अधिकारी सभक संग जिला मे चलि रहल विकास परियोजना सभक प्रगतिक समीक्षा कयलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, केन्द्रीय मंत्री रामनाथ ठाकुर, जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी आओर सांसद संजय झा समेत कतेको जनप्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय विश्वविद्यालय अनुदान आयोग यूजीसी कैँ उच्च शिक्षा संस्थान मे **समानता सर्वधन नियम– दू हजार छब्बीस** कैँ स्थगित करबाक आदेश देलक अछि। न्यायालय नियम पर आपत्ति व्यक्त कयलक, आ सामान्य वर्गक प्रति भेदभावपूर्ण कहलक। न्यायलय सुझाव देलक जे प्रतिष्ठित न्यायविद सभक एकटा समिति द्वारा नियम सभ कैँ समीक्षा कयल जेबाक चाही। भारतक मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकांत आओर न्यायमूर्ति जॉय माल्या बागचीक पीठ दू हजार छब्बीस के नियम सभक संवैधानिकता कैँ चुनौती देबऽवला तीनटा रिट याचिकाक सुनवाई कऽ रहल अछि। न्यायालय आदेश देलक अछि जे एहि बीच दू हजार बारह के यूजीसी विनियम लागू रहत।

———————————————————————

राज्य सरकार एक सय बहत्तरि करोड़ टाकाक लागति सँ आपातकालिन प्रतिक्रिया सहायता प्रणाली ईआरएसएस आओर राज्य पुलिस डाटा सेंटर भवन बनाओत। उपमुख्यमंत्री सह गृहमंत्री सम्राट चौधरी आइ पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ई जनतब देलनि जे पटनाक राजीव नगर मे अखन केन्द्र लेल स्थाई भवनक निर्माण कैँ स्वीकृति देल गेल अछि। ओ कहलनि जे प्रशासनिक काज मे सुगमता आओत संगहि, पुलिसकर्मी कैँ काजक लेल नीक वातावरण भेटत।

———————————————————————

राज्य सरकार नव चीनी मिलक स्थापनाक लेल परियोजना प्रतिवेदन तैयार करब आओर एकरा सात निश्चित–तीन के अंतर्गत निर्धारित काज सूची मे स्थान देबाक संबंध मे प्रस्तावक स्वकृति देलनि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे भेल राज्य कैबिनेट के बैसार मे एहि आशय के प्रस्ताव कैँ स्वीकृति देल गेल। राज्य सरकार सेमीकंडक्टर पॉलिसी दू हजार छब्बीस कैँ स्वीकृति प्रदान कयलक अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ राज्यक कतेको भाग मे हल्लुक बुंदा–बांदीक बाद ठंढ मे बढ़ोतरी दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभागक रिपोर्टक अनुसारे कतेको स्थान पर अधिकतम तापमान मे एक सँ दू डिग्री सेल्सियस के कमी भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। विभाग एहि बीच, मधुबनी, सीतामढ़ी, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज आ शिवहर जिला मे एक– दूटा स्थान पर घनगर कुहेसक संभावनाक कारणे येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त